

26 jen 2020

Chè fanmi,

Jodia se dènye jou lekòl nan yon ane ki te pi difisil, pi entans pase anpil nan nou te janm wè. Mwen kontan anpil avèk efò ou fè epi mwen fyè anpil avèk sa elèv nou yo reyalize - elèv nou yo ki vrèman briyan.

Mwen konnen ou santi gen anpil ane ki pase depi mwa septanm ki sot pase a, epi tan sa a parèt tannkou "avan COVID" ak "apre COVID". Li ka difisil pou sonje, men avan epidemi an te vin vire lavi nou tèt anba, nou te ouvri plis [pwogram pre-K an de lang](#) atravè vil la, nou te wè yon kantite elèv ki pat janm egzite avan ki [antre nan kolèj](#), epi nou te fèk aprann kòman [lekòl santral kominote](#) nou yo ap chanje lavi elèv yon fason pozitif—pou nou pale sèlman osijè kèk reyalizasyon nou fè. Tout bagay sa yo toujou enpòtan paske sa gen enpak pozitif, vi reyèl timoun nou yo.

Epi, toudenkou, se Lendi 16 mas, epi kowonaviris la fòse nou reenvante pi gwo sistèm lekòl nan peyi a, fèmen tout bilding lekòl yo epi fè tranzisyon avèk 1.1 milyon elèv nou yo pou aprantisaj adistans. Pou mwenmenm, tan “apre COVID” la enpresyone m menmjan avèk tan avan COVID la. Mwen konnen sa paske sou twa mwa ki sot pase yo mwen te wè pitit ou yo reyalize eksperyans syans nan kuizin ou, fè deba Konstitisyon Etazini an an panyòl nan salon ou, epi antre nan pratik bann ak metrize Shakespeare atravè Zoom.

Timoun ou yo akonpli reyalizasyon enkwayab sa yo pandan kowonaviris la afekte oumenm, fanmi ou, ak kominote ou. Malerezman, nou pèdi manm fanmi imedyat, ak 79 anplwaye Depatman edikasyon, nan COVID-19. Nou pap janm santi nou menm san moun ki te pwòch nou yo, zanmi nou yo, ak kòlèg nou yo ki te bay lavi nou ak travay nou sans. Nou p ap janm bliye youn ladan yo. Yo rete nan kè nou, nan souvni nou, ak nan timoun nou yo.

Mwen toujou di ke paran ak fanmi se patnè ki pi enpòtan nou yo, men ane sa a, sa parèt plis pase tout tan, pandan ou te vin tounen pwofesè, antrenè, ak prezans konstan pitit ou a nan yon mond ensèten. Lavi ou te vin vire tèt anba pou sipòte yon orè totalman diferan pou pitit ou yo. Mwen konnen kantite sakrifis ou fè pou yo, kijan ou enkyete pou avni yo, ak kijan ou fou pou yo. Mwen pa ka di ou mèsè ase pou efò ou te fè pou sipòte aprantisaj pitit ou lakay ou.

Nan semèn ki sot pase yo, ou te kontinye kenbe aprantisaj la pandan vil nou an ak nasyon an te boulvèse lè nou t ap kriye pou lavi moun Nwa nou pèdi san sans nan men moun ki sipoze gen devwa pou sèvi ak pwoteje nou. Se yon tan kote zantray nou t ap rache. Rasis sistemik mete moun ki gen koulè andanje nan peyi sa a, pwen; epi vrè chanjman pou Nouyòkè ki gen koulè yo dwe kòmanse nan lekòl nou yo.

Mwen pwomèt nou pral pran tout sa nou te aprann ane sa a epi double li pou nou adrese inegalite sistemik nan sistèm nou an ke kriz sa yo vin ekspoze pi plis. Sa gen ladan kontinye bati yon sistèm edikasyon fò, enklizif, jis, ak anti-rasis. Mwen pwomèt nou pral kontinye ankouraje ak selebre reyisit ak reyalizasyon timoun ou yo. Mwen pwomèt pou mwen kontinye toujou la pou ou ak timoun ou yo, san nou pa dekouraje pou yon ti moman — kèlkeswa defi ki prezante. Nan pwochen mwa k ap vini yo, nou pral fè fonksyone [Lekòl pandan ete](#), [Sant pou bay manje](#), [Sant Rejyonal pou Ranfòsman \(Regional Enrichment Centers, REC\)](#), ak Sant ijans pou swen timoun pou nou sèvi fanmi pi byen. Mwen pwomèt pou bay edikasyon timoun ou yo mande ak merite - yon edikasyon ki pèmèt yo grandi pou yo tounen adilt ki byen edike, responsab, ki gen konpasyon ki prepare pou chanje mond lan.

Mwen konnen ou enkyete avèk rezon pou konnen kisa edikasyon sa a pral sanble pou pitit ou a nan otòn k ap vini an. Nou ap travay jou apre jou pou devlope plan solid pou plis pase yon milyon timoun ki konte sou nou. Ou pral resevwa enfòmasyon nan semèn kap vini yo — ki gen ladan dat pou premye jou lekòl la — yon fwa nou resevwa konsèy ki nesèsè nan Eta a ak gouvènman federal la ki prepare wout la pou nou finalize plan nou an. Nou bezwen konsèy ou tou! Tanpri fè nou konnen kijan ou ta renmen reouvèti lekòl an otòn 2020 an sanble lè w ranpli sondaj sou Retou nan lekòl la nan schools.nyc.gov/returntoschool2020 avan delè 30 jen an. Sa ap ede nou satisfè bezwen ou lè nou tounen lekòl la.

Avèk tout sa nou andire ansanm yo, nou pa ka fini ane lekòl la san nou pa selebre reyalizasyon elèv remakab nou yo. Mwen envite ou pou patisipe avèk mwen; Majistra de Blasio; ansyen elèv lekòl leta NYC ak pwofesè, Lin-Manuel Miranda; ak lòt selebrite, fonksyonè yo eli, ak envite espesyal, jou 30 jen an lè n ap onore Pwomosyon 2020 an nan yon seremoni gradyasyon pou tout vil la. Ou ka gade li kòmanse a 7 p.m. nan PIX 11 ak nan nycclassof2020.com. Tanpri patisipe!

Epi yon lòt devlopman enteresan pou elèv nou yo: nou kontan anpil pou n mete deyò plis liv elektwonik ak liv odyo pou moun tout laj, ki disponib gratis nan sezon ete sa a pou tout fanmi DOE, epi li pi fasil pou gen aksè nan liv sa yo. Jis itilize login DOE elèv la; ou pa bezwen lòt bagay pou jwenn aksè. Lektü pandan ete enpòtan anpil pou kontinye aprantisaj ak pèmèt imajinasyon w vwayaje, donk tanpri ale sou schools.nyc.gov/summerreading pou jwenn resous enteresan sa yo. Si ou te resevwa yon iPad DOE, li pral otomatikman gen app Sora enstale pou jwenn aksè nan tèks sa yo — men ou pa bezwen yon aparèy DOE pou itilize Sora. Ou ka download app la nan nenpòt lòt aparèy, itilize login DOE elèv la, epi kòmanse li.

Mwen di souvan ke nou gen pi bon elèv, pi bon anplwaye, ak pi bon fanmi pase nenpòt kote. Ane sa a, ou pwouve ke se vre san okenn dout. W ap ede nou bati yon mond ki pi bon. Nou rekonesan anvè w jodi a ak chak jou.

Pase yon ete agreyab. Nou pa ka tann pou nou wè w an septanm.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk